**दिन– बुधवार** **दिनांक–28.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि दू दिनक दौरा पर बिहार आबि रहल छथि। श्री मोदी काल्हि सांझ लगभग पौने पाँच बजे पटना मे जयप्रकाश नारायण अंतरराष्ट्रीय पटना हवाई अड्डाक नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन करताह। एहि पर लगभग एक हजार दू सय करोड़ रूपैयाक लागति आएल अछि। नव टर्मिनल भवनक शुरू भऽ जयबा सँ हवाई अड्डाक वार्षिक यात्री संचालन क्षमता बढि कऽ एक करोड़ भऽ जाएत। प्रधानमंत्री बिहटा हवाई अड्डाक नव सिविल एन्क्लेवक आधारशिला सेहो रखताह। बिहटा हवाई अड्डाक उद्देश्य पटना आओर एकर आस–पास तेजी सँ शैक्षिक केन्द्रक रूप मे विकसित भऽ रहल क्षेत्र सभ कँ सेवा प्रदान करबाक अछि। एहि क्षेत्र सभ मे आईआईटी पटना आओर प्रस्तावित एनआईटी पटना परिसर शामिल अछि। श्री मोदी उद्घाटनक उपरांत पटना मे रोड शो सेहो करताह। अगिला तीस मई कँ श्री मोदी रोहतास जिलाक बिक्रमगंज मे अड़तालीस हजार पाँच सय बीस करोड़ रूपैया सँ बेसिक लागतक कतेको विकास परियोजना सभक उद्घाटन, शिलान्यास आओर लोकार्पण करताह। प्रधानमंत्री ओहिठाम एक टा जनसभा कँ सेहो संबोधित करताह।

---

प्रधानमंत्रीक दौरा के मद्देनजर सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कऽ देल गेल अछि। पुलिस मुख्यालय हाई–अलर्ट जारी कयलक अछि। एकर तहत पटना आ रोहतास मे समारोह स्थल और रोड शो कऽ मार्ग कँ पूर्णरूपेण सुरक्षित जोन घोषित कएल गेल अछि। जगह–जगह मजिस्ट्रेटक निगरानी मे पुलिस बलक तैनाती कएल गेल अछि। प्रशासन एहतियातक तौर पर होटल सभ, अतिथि गृह, रेलवे स्टेशन, बस अड्डा समेत अन्य सार्वजनिक स्थान सभ पर सुरक्षा जाँच बढ़ा देल गेल अछि। एम्हर, पटना मे प्रधानमंत्रीक रोड शो कँ देखैत यातायात व्यवस्था मे सेहो परिवर्तन कएल गेल अछि। यातायात पुलिस अधीक्षक अपराजित लोहान बतएलनि जे उनतीस मई कँ सांझ चारि बजे सँ रात्रि आठ बजे धरि बेलीरोड पर सामान्य वाहन सभक आवाजाही प्रतिबंधित रहत। एहि दरमियान वाहन सभक परिचालन डायवर्ट कएल

जाएत। पटना हवाई अड्डा सँ उड़ान पकड़ैवला यात्री सभकेँ तीन घंटा पहिने हवाई अड्डा पहुंचबाक सलाह देल गेल अछि।

———————————————————————————

ऑपरेशन सिंदूरक उपरांत देशक सीमावर्ती क्षेत्र सभ मे सुरक्षा व्यवस्था चाक–चौबंद अछि। समय–समय पर चौकसीक समीक्षा सेहो कएल जा रहल अछि। एहि कड़ी मे काल्हि सीमावर्ती राज्य– गुजरात, राजस्थान, जम्मु–कश्मीर आओर पंजाब मे मॉक ड्रीलक आयोजन कएल जाएत। मॉक ड्रीलक दरमियान आपातकालीन स्थिति सभ सँ निपटबाक लेल आवश्यक कौशलक  प्रदर्शन आओर प्रशिक्षण देल जाएत। विभिन्न धार्मिक संगठन सभ, सरकारी विभाग सभ, एनसीसी आओर एनएसएसक कैडेट एहि अभ्यास सत्र मे भाग लेताह।

———————————————————————————

जदयूक नेता आओर सकरा सँ पूर्व विधायक सुरेश चंचल एवं जदयूक राजनीतिक सलाहकार समितिक सदस्य परवेज मोहम्मद सिद्दीकी कांग्रेस पार्टी मे शामिल भऽ गेलाह अछि। पटना स्थित कांग्रेस प्रदेश कार्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम एहि दूनु केँ पार्टीक सदस्यता ग्रहण करएलनि।

———————————————————————————

पटना मे कोविडक छओ गोट आओर संक्रमित भेटाएल अछि। एहिमे एम्सक एक टा महिला डॉक्टर आओर दू टा नर्स सेहो शामिल छथि। हिनका सभ मे सर्दी, खाँसी आओर बोखार जेहेन लक्षण सभक बाद जाँच मे पॉजिटीव रिपोर्ट आयल अछि। एम्हर, स्वास्थ्य विभाग सतर्क अछि आओर लोक सभसँ कोविड प्रोटोकॉलक पालन केर अपील कएल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत कोर्ट–परिसर सँ आइ पाँच टा कुख्यात कैदी पुलिसक हिरासत सँ फरार भऽ गेल। अपर पुलिस अधीक्षक संजय कुमार पांडेय बतएलनि जे कोर्ट–परिसरक हाजत मे कैदी सभ के बंद करबाक दरमियान ई कैदी पुलिस केँ

चकमा दए कऽ फरार भऽ गेल। ओ बतएलनि जे एहि मे सँ एकटा कैँ पकड़ि लेल गेल अछि। अन्य चारि टा कैँ तलाशक लेल छापेमारी कएल जा रहल अछि।

———————————————————————————

मौसम विभाग राज्यक विभिन्न भाग सभ मे अगिला किछु दिन धरि बिहारि, बरखा आओर वज्रपातक स्थिति जारी रहबाक संभावना जतएलक अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान बेगूसराय, नवादा, लखीसराय, कटिहार, बांका आओर भागलपुर समेत राज्यक दक्षिण—मध्य आओर पूर्वी भाग सभ मे कतेको स्थान सभ पर तेज बिहारि आओर बरखाक आशंका अछि। एकरा लऽकऽ विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कएलक अछि। ओतहि राज्यक अन्य भाग सभ मे मेघ लागल रहत। एहि इलाका सभ मे लोक सभकैँ उमस भरल गर्मीक सामना करऽ पड़ि सकैत अछि।

———————————————————————————

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार आइ पटना जिलाक मनेर प्रखंड अंतर्गत राजसराय मे मनरेगा पार्क आओर बहुउद्‌देशीय खेल मैदानक उद्‌घाटन कयलनि।

———————————————————————————

अररियाक प्रभारी जिला पदाधिकारी माता—पिता भरन पोषण तथा कल्याण नियमावली दू हजार बारह केर क्रियान्वयन लेल गठित जिला समितिक बैसार मे बुजूर्ग सभक लेल चलाएल जा रहल योजना सभक समीक्षा कएलनि।

———————————————————————————

मधुबनी जिला में भारत नेपाल सीमाक समीप एसएसबीक जवान सभ गश्तीक दरमियान भारी मात्रा मे शराबक संग एकटा तस्कर कैँ गिरफ्तार कएलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।